

PENILAIAN AKHIR TAHUN

**KELAS I B
TAHUN PELAJARAN 2020 /2021**

reallygreatsite.com

SDN KARAWANG KULON II

NAMA LENGKAP

BAHASA SUNDA

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda


Nama Siswa

Waktu : 90 Menit

No. Induk

Nia jeung Ani balik ti sakola
 Balikna ngaliwatan jalan raya
 Di jalan raya Nia jeung Ani kapendak budak leutik nu keur ngamen
 Ku Nia jeung Ani dipasih anartos

I. Cakra (X) aksara A, B, atawa C dina jawaban anu bener !

1. Nu balik ti sakola nyaeta
 A. budak leutik C. Nia jeung Ani
 B. tukang ngamen D. bapa guru
2. Tempat Balik ti sakola Nia jeung Ani ngaliwatan
 A. sakolaan B. taman C. pasar D. jalan raya
3. Nu keur ngamen nyaeta
 A. Nia B. budak leutik C. Ani D. bapa-bapa
4. Nia jeung Ani kapendak nu ngamen di
 A. kandaraan B. sakola C. jalan raya D. pasar
5. Nia jeung Ani masihan ... ka budak leutik nu ngamen
 A. Artos B. permen C. gitar D. kueh
6. Dina gambar di handap, sato nu asalna ti negeri Cina nyaeta
 A.  B.  C.  D. 
7. Lamun boga pangalaman nu goreng, biasana sok ngarasa
 A. bungah B. atoh C. kuciwa D. nyaah
8. Lemesna dahar nyaeta
 A. nginum B. tuang C. kulem D. sare
9. Hirup kudu berseka ngarah
 A. sehat B. wareg C. gering D. kotor
10. Sapoe kudu mandi ... ngarah bersih jeung sehat
 A. sakali B. dua kali C. Lima kali D. sering
11. Alat ieu ngaranna 
 A. termometer C. stetoskop
 B. timbangan D. obat

Perhatikeun sajak dihandap!

Marmut lucu

Sakadang marmut lucu
 Dipiara nepi ka gedéna
 Diparaban sabangsaning lalaban
 Sakadang marmut nu lucu

Gaduh corak coklat jeung bodas

Matak pikaresepeun nu ningalina

12. Sakadang marmut di piara nepi ka

A. maotna B. cageurna C. gedena D. anakan

13. Mun ningali eta marmut teh, matak

A. pikaresepeun C. pikagilaen
B. pikakeuheuleun D. pikasebeleun

Perhatikeun kakawihan di handap!

Oray-orayan

Loar leor mapay sawah

Entong ka sawah

Parena keur sedeng beukah

14. Oray-orayan luar leor mapay

A. leuwi B. kebon C. sawah D. walungan

15. Oray-orayan entong mapay sawah kusabab

A. loba nu mandi C. loba nu ulin
B. parena harejo keneh D. parena keur sedeng beukah

II. Eusian titik-titik di handap ieu ku jawaban anu merenah !

16. Lamun maen langlayangan kudu di

17. Pakakas paranti calik namina



18. Nu sok dipake ku dokter paranti ngukur panas awak urang, nyaeta

19. Ngarah buuk beresih jeung sehat kudu di

20. Lamun mandi kudu make ... ngarah seungit jeung beresih

21. Lamun nyeuri sirah kudu nginum

22. Sajak 'Marmut Lucu', eusina nyaritakeun

23. Kakawihan nyaeta

24. Oray-orayan sok dipake ... barudak

25. Ulin oray-orayan biasana barudak ngabaris silih nyekel

III. Jawab pananya di handap ieu !

26. Naon wae pakakas anu sok dipake ku dokter?

27. Salin make aksara gede jeung leutik nu merenah!

bapa angkat ka cirebon sareng mang ujang

28. Susun kalimah di handap ieu make aksara sambung!

Iwan – maen – di – jeung – Dian – lapangan – bal

29. Jieun hiji sajak opat baris nu eusina ngeunaan sasatoan!

30. Sebutkeun tilu kakawihan nu sok dipake kaulinan barudak!